



North Carolina Department of Commerce
Division of Workforce Solutions

XXXXXXX, Gouvènè

XXXXXXXXXXXX, Sekretè

XXXX XXX, Assistan Sekretè Travay

Bay:(Non) (Dezyèm Non) (Siyati)

Sekirite Sosyal: xxx-xx-__ __

(Adrès)

Dat:

(Vil)

(Eta) (Kòd Pòstal)

Ou te seleksyone pou patisipe nan pwogram Sèvis Ranbochman avèk Evalyasyon Elijiblite a (Reemployment Services and Eligibility Assessment, RESEA) (.....) ofri pa Divizyon Solisyon Travay (Division Workforce Solutions, DWS)(.....). Dat, lè, ak lye randevou ou a klase pi ba. Patisipasyon nan pwogram sa **obligatwa**. Si w pa rive asiste randevou ou a, sa ka fè enpak sou elijiblite alokasyon asirans chomaj ou an. **Ou dwe pote yon idantifikasyon ki gen foto valid(ID)**. Idantifikasyon fotografik pral egzije nan objèktif pou ou kapab konplete randevou sa. Yon idantifikasyon valid aksèptab se yon idantifikasyon fotografik ki emèt pa gouvènman lokal, deta oswa federal la, tankou yon lisans pou kondwi, paspò oswa kat idantifikasyon gouvènman an. Silvouplè pote rejis rechèch travay ou an avèk yon kopi rezime w la avèk ou. Oryantasyon RESEA a avèk aktivite ki an rapò yo kapab dire jiska (2) dezè. Kesyon sou notifikasyon sa dwe dirije bay NCWorks CareerCenter ki mansyone pi ba a.

Ki KOTE: Hendersonville Career Center

48 Grove Street

Hendersonville, NC 28472

TELEFÒN: (704) 566-2870

FAKS: (704) 566-2857

DAT: 99/99/9999

LÈ: 11:00 Nan Maten

Silvouplè montre lèt sa avèk resepyonis la lè ou rive nan Career Center (Sant karyè a) a. Si ou pa te gen posiblite pou w fè randevou sa, ou dwe kontakte Sant Karyè a pou w repwograme yon lòt randevou osito posib.

Antanke yon patisipan, ou pral rankontre avèk yon manm pèsònèl nou an ki pral asiste w pou devlope yon plan endividyalizasyon pou evalye opsyon karyè ou yo epi founi yon bon sèvis ki pral ede w vin plis konpetitif nan debouche mache travay yo jounen Jodi a.

Si ou gen aksè ak entènèt, ou ta dwe enskri pou travay oswa mete ajou yon enskripsyon ki deja egziste nan sistèm referans avèk rechèch travay nou an, NCWorks Online nan <https://www.ncworks.gov> anvan randevou ou a. Antanke moun ki enskri k ap chèche travay avèk NCWorks Online, ou pral gen aksè avèk yon pakèt sèvis pou asiste reyanbochman w lan; tankou ouvèti travay, zouti pou evalyasyon karyè, sèvis edikasyon, preparasyon rezime, modèl lèt motivasyon ak lòt resous pou karyè. Pandan ou sou entènèt la, ou kapab aksede ak lyen sèvis karyè a ki founi debouche travay ak enfòmasyon sou karyè selon enterè avèk eksperyans travay ou yo. Si ou itilize nenpòt nan zouti sa yo nan lyen sa a, silvouplè anrejistre sou entènèt la oswa pran lis karyè ki sijere yo oswa lòt dokimantasyon pou verifiye plenitud zouti karyè sou entènèt sa yo lè ou vini pou randevou ou a. egzekisyon etap yo ki pi wo a pral grandman akselere vizit ou an.

Si ou te retounen travay, silvouplè fè CareerCenter (Sant karyè a) ki site pi wo a konnen pa telefòn oswa faks. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon kontak nan <https://www.ncworks.gov>, anba Resources and Services (Resous avèk Sèvis), seleksyone “Find aNCWorks Career Center” oswa ou kapab tcheke repètwa telefòn lokal la.

Si ou pa te retounen travay, n ap kontan wè w nan dat avèk lè ki fikse a.

Si ou gen konpetans pou eskane Quick Response (QR) codes (Kòd Repons Rapid), kòd QR yo pi ba a pral mennen w nan NCWorks Online avèk NC Division of Workforce Solutions (Divizyon Solisyon Travay Kawolin Dinò).

